

**Martina, Bèl Ravèt
(Yon istwa Kiben)**




**Otè: Carmen Agra Deedy
Iilistratè: Michael Austin**

Kesyon Esansyèl: Kisa k fè Pérez inik pami tout lòt filè Martina yo?

Konpetans: Pwoblèm ak solisyon

Se te yon bèl ravèt yo te rele Martina Josefina Catalina Cucaracha ki t ap viv avèk fanmi li nan yon ri konfòtab. Li te gen 21 jou, kidonk se te lè pou li te marye. Chak manm nan fanmi lan te gen yon bagay pou **ofri** li. Tant Cuca te ba li yon peny an **kokiyaj**. Manman l ba li yon **chal** an dantèl. Pwiske se yon ide pou jwenn yon bon mari Martina t ap chèche, granmè Li, ki se yon Kibèn, ba li yon konsèy ki te fè l **sezi**. Granmè a di l jete kafe sou soulye chak moun ki vin **file** l yo.



«Kòman jete kafe sou soulye filè yo pwal ede m jwenn yon bon mari,» Martina mande Granmè l.

Granmè a souri epi l di Martina, «Se yon **pyèj** pou wè ki kalite moun filè a ye vre. Lè w fin vide kafe a l ap vin fache epi lè sa w ap konnen kòman l pwal ye avè w lè l fache. Kwè m si w

vle Martina, test kafe a pa janm echwe.»

Papa Martina fin tande konsèy la, li voye yon jako al gaye nouvèl la nan Havana, vil kote yo te abite a.

Don Galo, yon kòk, prezante an premye pou mande Martina marye avèk li. «Ou reyèlman bèl. W ap vin pi bèl ankò si m ta genyen w anba zèl mwen:

Martina

Josefina

Catalina

Cucaracha,»

Don Galo pran chante.



Don Galo parèt gen bèl mannyè, men lè Martina jete kafe a sou bèl soulye l la; li fache, li pran rele

KO-KE-RI-CO,

epi li tonbe rele sou Martina:« m ap ba w pi bon **levasyon** lè w vin madanm mwen.»

«Mwen pap kapab marye avè w; ou twò **pretansye** pou mwen,» Martina di Don Galo.

Don Cerdo , yon kochon, vin parèt an dezyèm avèk yon sant **inimajinab** ki koz Martina pa ka byen respire. «Ou pa bezwen fatigue w—

Martina

Josefina

Catalina

Curacacha,

se yon nouvo kolòy kochon ki fenk sòti, li melanje ak ze ak fwomaj gate,» Don Cerdo **bougonnen**. Martina, san pèdi tan, kouri al sèvi Don Cerdo kafe a. Lè l parèt devan l li chèche yon jan, li jete l sou pye l. «Eskize m; m pwal netwaye soulye w pou ou,» Martina di Don Cerdo. «Gronk, gronk! Ala yon trajedi papa. Lè w madanm mwen ou pap gen pou w netwaye,» Kochon pran gronde.



«Padone m paske m pap kapab madanm ou, Don Cerdo, ou twò

gwsosye pou mwen,» Martina di kochon an.

Don Lagarto, yon leza, vin parèt avèk dwèt li tou gra. «Eske ou ta renmen vin madanm mwen, bèl fanm—
Martina

Josefina

Catalina

Curacacha,» Don Lagarto pran chante. San **Ezite**, Martina al pran de tas kafe epi l lage toulède sou pye leza. Leza chanje koulè twa fwa. «Leza, ou konn sak pase, san w twò frèt; m pap kapab marye avè w.» Martina di mouche leza.



Martina te komanse vle dekouraje, men granmè l te pwente dwèt li sou yon bèl ti sourit koulè mawon epi li te voye Martina al salye l.

TI-KI-TIN, TI-KI-TAN!

«Alo non mwen se Perèz,» sourit la di. «Alo non mwen se Martina, Bèl Ravèt,» Martina entwodwi l. «Ou panse m bèl,» li mande sourit

3^{èm} Ane

la. Ti sourit la vin tou wòz anba plim li yo. Li tiye zye l epi l di «zye m fèb men m gen bon zorèy, epitou ki moun ki sousye pou bote w la.»

TI-KI-TAN, TI-KI-TAN.



«Martina-a-a-a-a-a, pa bliye kafe a,» granmè l di l.

Martina pat vle sèvi sourit la kafe a epi an menm tan tou li pat vle dezobeyi granmè l; li te oblije deplase pou al chèche kafe a. Perèz gentan rive avan Martina. Li pran kafe a epi l vide l sou pye Martina. Martina te twò kontan li te oblije pat fache. Finalman li jwenn moun nan li t ap chèche a. Malgre l kontan li te kesyone sourit: “Kòman ou fè konnen koze kafe a?” li mande sourit. Perèz di , «Aaaaa, sa w pa konnen pi gran pase w, ti cheri mwen, granmè m se yon Kibèn li ye tou.»

Non: _____

Dat: _____

Story Map: Problem-and-Solution

Problem:

↓

Event 1:
Event 2:
Event 3:

↓

Solution:

Non: _____ **Dat** _____



Fè Koneksyon: Poukisa moun renmen gade zannimo? Kisa ki enteresan nan gade zannimo?

1- Kòman granmè Martina te ede l chwazi yon bon mari?

2- Sak te pase lè Martina te vide kafe sou pye kochon?

3- Poukisa k fè Martina pat vle sèvi sourit la kafe a?

3- Kisa k fè Pérez inik pami tout lòt filè Martina yo? Kesyon esansyèl
